

mrETA NEW YORK BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI (NEW YORK STATE  
OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES)

## AKÒ PARAN FANMI DAKÈY LA AVÈK AJANS OTORIZE A

### NON PARAN FANMI DAKÈY LA (YO):

Paran fanmi dakèy la (yo) dakò pou li (yo) respekte nòm ak kondisyon yo pandan tout peryòd sètifikasyon/apwobasyon fanmi dakèy la:

1. Kite timoun yo melanje liben libè avèk lòt timoun yo ki nan fanmi an ak nan kominote a; yo dwe asepte yo tankou moun ki fè pati fanmi an epi patisipe nan plezi ak responsablite li yo; epi aplike nòm rezonab ak pridan pou paran ki defini nan 18 NYCRR 441.25.
2. Fè yon jan pou timoun ki gen laj pou ale lekòl yo ale regilyèman jan Lwa sou Edikasyon New York la egzije sa.
3. Pa janm kite timoun ki gen mwens pase 10 lane yo poukont yo san sipèvizyon yon granmoun konpetan; ni timoun ki depase laj sa yo sof si se sa yon paran ki pridan te ka fè si se te pwòp pitit li.
4. Sof si ajans la pèmèt sa, pa janm itilize fwaye dakèy la pou pran swen plis pase de (2) timoun ki gen mwens pase (2) lane, ki gen ladan li tou pwòp timoun paran fanmi dakèy yo, sof nan ka kote paran nan fanmi dakèy yo montre yo gen kapasite pou fè sa oswa yon gwoup frè ak sè ta dwe separe.
5. Bay timoun yo manje nitritif dekwa, ki sen epi byen prepare epi ki sèvi nan lè ki regilye. Yo dwe otorize timoun ki nan fanmi dakèy yo pou yo manje sou tab menm jan ak lòt moun ki nan fanmi yo pandan y ap konsidere laj yo ak bezwen espesyal yo;
6. Kenbe rad timoun ajans lan, paran an oswa paran fanmi dakèy la bay yo pwòp ak nan bon kondisyon, fè efò pou bay timoun yo yon kantite rad ki sifizan, ki adapte ak sezon yo, epi ki gen estil ak kalite ki pa distenge yo ak lòt timoun ki nan kominote yo.
7. Bay chak timoun ki nan pansyon an bagay twalèt ak sèvyèt ki sifizan, ki koresponn ak laj ak sèks yo, epi chak timoun dwe gen bifèt ak plaka yo.
8. Bay timoun ki gen laj pou ale lekòl yo yon kote ki bon epi ki byen klere pou etid fwaye a.
9. Rekonèt epi respekte relijyon paran biyolojik timoun ki sou responblite w yo epi fè efò pou pwoteje ak prezève fwa yo genyen nan relijyon.
10. Fè efò pou w kolabore avèk pèsònèl ajans lan nan mete sou pye oswa revize plan sèvis oswa egzayat chak timoun lan epi pou w enfòme ajans lan sou nenpòt ensidan oswa evènman ki afekte oswa ki ka afekte adaptasyon, sante, sekirite oswa byennèt timoun lan ak/oswa ki ka gen kèk enpak sou plan sèvis aktyèl la.
11. Bay yon anviwòman familyal ki toleran, janti ak konpreyansif epi fè efò pou w bay chak timoun sipò, atansyon ak rekonesans ki fasilite timoun lan adapte l nan kay la epi ki favorize devlopman nòmal timoun nan.
12. Kite yon reprezantan otorize ajans lan antre nan kay la pou fè ankèt nan bòn fwa sou yon plent fòmèl ki konsène swen timoun ki nan fanmi dakèy la.
13. Enfòme ajans sou nenpòt chanjman nan eta sivil, moun ki nan fanmi an oswa kantite moun k ap viv nan kay la ak nenpòt chanjman nan enstalasyon materyèl ki konpoze fwaye dakèy la.
14. Dakò pou w kolabore nan fasilite vizit regilye chak de (2) semenn oswa kominikasyon ant frè ak sè oswa demi frè ak sè ki minè yo te separe yo sof si ajans lan detèmine kontak sa a pral kontrarye sante, sekirite oswa byennèt youn oswa plis nan timoun yo oswa sof si vizit yo pa posib akòz zòn yo pa pre.
15. Dakò sèlman pou divilge enfòmasyon sekre ki gen pou wè ak VIH konsènan timoun ki nan fanmi dakèy la bay moun oswa antite yo anplis antite ak moun yo dekri nan atik 27-F nan Lwa Sou Sante Piblik la nan objektif pou yo pran swen, trete oswa sipèvize timoun yo plase nan fanmi dakèy la oswa sou otorizasyon espesyal alekri manm komisyon distri sèvis sosyal la oswa reprezantan manm komisyon an deziyen siyen selon atik

2782 nan Lwa sou Sante Piblik la. Lè yo divilge enfòmasyon sekre ki gen pou ak VIH, deklarasyon alekri sa a dwe akonpaye li:

*Enfòmasyon yo pataje avè ou yo soti nan dosye sekre lwa Eta a pwoteje. Lwa Eta a entèdi w fè lòt divilgasyon enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH san konsantman elekri espesyal moun enfòmasyon yo se pou li an, oswa yon lòt fason lalwa otorize. Nenpòt lòt divilgasyon enfòmasyon ki vyole lwa Eta a ka lakòz ou peye yon amann oswa ale nan prizon oswa toude. Yon otorizasyon jeneral pou pibliye enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon pa yon otorizasyon ki sifi pou fè plis divilgasyon.”*

Yo defini tèm SIDA, tès VIH, maladi VIH, enfeksyon VIH ak enfòmasyon sekre ki gen pou wè ak VIH yo nan 18 NYCRR 360-8.1.

16. Evite:

- itilizasyon nenpòt sibstans ilegal,
- bwè alkòl depase limit lè ou konsome li twòp, ak/oswa
- mal itilize medikaman yo preskri yon fason legal ak/oswa medikaman yo pa preskripsyon lè ou konsome yo twòp oswa lè ou itilize yo kontrèman ak jan yo ande a.

17. Evite itilize sa ki annapre yo kòm metòd disiplin pou timoun nan kay la:

- pa ba l manje ak/oswa ti goute,
- kontak ak fanmi,
- chanm izolman,
- rete apa, ak/oswa
- kale yon moun kòm pinisyon.

18. Se granmoun yo sèlman ki pou bay, egzekite epi sipèvize disiplin nan epi yo pa dwe janm bay timoun responsablite sa yo.

SIYATI PARAN FANMI DAKÈY LA: <b>X</b>	DAT: / /
SIYATI PARAN FANMI DAKÈY LA: <b>X</b>	DAT: / /
SIYATI TRAVAYÈ SOSYAL LA: <b>X</b>	DAT: / /